



DEPATMAN EGZEKITIF  
ETA NEW YORK  
(STATE OF NEW YORK EXECUTIVE DEPARTMENT)  
**BIWO SÈVIS VIKTIM YO**  
(OFFICE OF VICTIM SERVICES)

[www.ovs.ny.gov](http://www.ovs.ny.gov)

Nimewo Reklamasyon an:

Non Demandè a:

Otorizasyon Viktim/Demandè a:

MWEN REKONÈT lè mwen aksepte yon rekonpans ki sòti nan Biwo pou sèvis viktim yo (Office of Victim Services, OVS) sa kreye yon privilèj ki nan avantaj Eta New York sou nenpòt rekouvremant ki gen rapò ak krim ki lye ak reklamasyon sa, sa gen ladan l jijman, règleman, oswa pèman yon kondanasyon dedomajman. Mwen bay nenpòt direktè mòg, avoka, patwon, lapolis, oswa lòt otorite piblik, konpayi asirans, oswa nenpòt moun ki te rann viktim nan sèvis, oswa ki konnen detay sou dosye sa a, pou yo bay OVS oswa reprezantan li yo enfòmasyon ki vin apre yo: Enfòmasyon ki gen rapò ak dedomajman travayè, enfòmasyon ki gen pou wè ak krim, blesi oswa lanmò ke krim sa lakoz, ak enfòmasyon ki gen rapò ak demann dedomajman. Si yo bay yon rekonpans, mwen otorize OVS pou fè pèman an dirèkteman bay founisè sèvis yo. Mwen bay OVS otorizasyon tou pou voye enfòmasyon ak dosye yo konpile sou mwen pou reklamasyon sa a, bay Pwogram Èd pou Viktim lokal (Victim Assistance Program, VAP) ki site nan aplikasyon sa a oswa nenpòt ajans gouvènman lokal nan Eta New York ki la pou ede moun ki viktim krim yo yon fason pou VAP oswa ajans gouvènman lokal la ede OVS trete reklamasyon mwen an, epi pou li pran desizyon. Si mwen te deziyen yon avoka prive pi wo a, mwen bay OVS otorizasyon tou pou li voye enfòmasyon ak dosye yo konpile sou mwen pou reklamasyon sa a bay avoka a, yon fason pou li aji antanke reprezantan mwen. Mwen konprann li ap nesèsè pou avoka mwen an voye yon Avi Aparisyon apa anplis de otorizasyon sa a. Si mwen te deziyen yon manm fanmi, zanmi, oswa yon lòt moun pi wo a, mwen bay OVS otorizasyon pou li voye enfòmasyon ak dosye yo konpile sou mwen pou reklamasyon sa a bay moun sa a yon fason pou li ede mwen nan reklamasyon sa a.

**Yon fotokopi otorizasyon sa a gen menm valè ak orijinal la.**

---

Siyati Demandè

Dat Nimewo

Telefòn pou Lajounen

---

Adrès Imèl Demandè a